



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH  
REPUBLIK INDONESIA  
2024

# Mbangun Joglo

Membangun Joglo

Penulis:  
Agita Yuri

Ilustrator:  
Thomas Amara Listu



B3





KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH  
REPUBLIK INDONESIA  
2024

# Mbangun Joglo

Membangun Joglo

Agita Yuri

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah Republik Indonesia  
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

## **MBANGUN JOGLO (MEMBANGUN JOGLO)**

Penulis : Agita Yuri  
Ilustrator : Thomas Amara Listu  
Penerjemah : Noviani Lestari  
Penyunting : 1. Bahasa Jawa : Edy Setiyanto  
2. Bahasa Indonesia: Wahyu Sekar Sari  
Penata letak : Thomas Amara Listu

Tim Pelaksana : 1. Wuri Rohayati  
2. Wuroidatil Hamro  
3. Nindwihapsari  
4. M. Haris Ardhani  
5. Rino Edrianto

**Penerbit**  
Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh  
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta  
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2024  
ISBN 978-623-388-744-1 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 12/16/20, Cloudy With a Chance of Love  
20/40  
ii, 22 hlm., 21 x 29,7 cm.

# Kepala Balai Bahasa Menyapa

Hai, Pembaca yang Budiman.

Pada tahun 2024 Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta kembali mempersembahkan 97 buku cerita anak seperti yang dilakukan pada tahun 2023. Jika pada tahun 2023 ada sepuluh buku cerita yang bersumber dari manuskrip koleksi Balai Bahasa Provinsi DIY, pada tahun 2024 ini buku cerita sepenuhnya bersumber dari nuansa lokal Yogyakarta dan sekitarnya.

Buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya. Semoga buku ini dapat mendorong minat membaca masyarakat. Selain itu, kami berharap bahwa melalui buku ini, semangat masyarakat dalam melestarikan bahasa daerah makin kuat.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,

Dwi Pratiwi






Bélla lagi waé pindhah omah saka Jakarta menyang Jogja. Omahé Bélla ana ing Kampung Baswara.

Ing ngarep omah anyaré Bélla, ana omah apik saka kayu. Bélla gumun banget ana omah kok béda karo omah-omah sakiwa tengené.

Bella baru saja pindah rumah dari Jakarta ke Jogja. Rumah Bella ada di Kampung Baswara.

Di depan rumah baru Bella, ada rumah bagus dari kayu. Bella sangat kagum ada rumah yang berbeda dengan rumah-rumah sekelilingnya.





Bélla banjur nyedhaki omah mau marga kadereng péngin ngerti. Omah kuwi gedhé, nanging ora ana pageré saéngga kabèh wong bisa mlebu. Béda karo omahé Bélla ing Jakarta sing pageré wesi dhuwur.

Saking temenan anggoné Bélla ngemataké omah, jebul ana bocah lanang ngemataké Bélla. Bocah kuwi jenengé Satrio, putuné Mbah Projo. Satrio banjur nyeluk, “Sinten menika?”

Bella lalu mendekati rumah tadi karena penasaran. Rumah itu besar, tetapi tidak ada pagarnya sehingga semua orang bisa masuk. Berbeda dengan rumah Bella di Jakarta yang pagar besinya tinggi.

Bella sangat serius melihat rumah, ternyata ada anak laki-laki yang menatap Bella. Anak itu bernama Satrio, cucu Mbah Projo. Satrio lalu menyapa, “Siapa itu?”



Bélla kagèt. Bélla glagepan wangsulan, "Aku ga beli santen, a ... a ... aku cuma lihat rumah ini."

Satrio ngguyu, langsung ngerti yèn Bélla ora bisa basa Jawa. Sinten, kok, dikira santen.

Satrio banjur nyritakaké yèn omah kuwi omahé dhèwèké. Bélla sing rumangsa isin njaluk ngapura marga ora nuwun sewu dhisik. Dhèwèké lanjut kenalan lan ngerti Bélla kelas 4, déné Satrio kelas 5.

Bella terkejut. Bella menjawab terbata, "Aku ga beli santen, a ... a ... aku cuma lihat rumah ini."

Satrio tertawa, langsung tahu kalau Bella tidak bisa berbahasa Jawa. Sinten, kok, dikira santen.

Satrio lalu bercerita bahwa rumah itu rumahnya. Bella yang merasa malu meminta maaf karena tidak permisi dulu. Mereka berkenalan dan tahu bahwa Bella kelas 4, sedangkan Satrio kelas 5.

Bélla wis sesasi nèng omah anyaré. Bélla kerep neksèni kagiyatan ing ngarep omahé, ya, omahé Satrio iku. Omahé Satrio dadi papan yèn warga nganakaké kagiyatan.

Ing dina Selasa, pendhapa omahé Satrio ajeg dinggo latihan nari bocah-bocah wadon. Dina liya menèh, pendhapa dinggo rapat RT. Pendhapa uga dadi panggonan kumpul bocah-bocah ing wayah soré.

Bella sudah satu bulan di rumah barunya. Bella sering menyaksikan kegiatan di depan rumahnya, ya, rumahnya Satrio itu. Rumah Satrio menjadi tempat jika warga mengadakan kegiatan.

Pada hari Selasa, pendapa rumah Satrio selalu dipakai anak-anak perempuan untuk latihan menari. Pada hari lainnya, pendapa dipakai untuk rapat RT. Pendapa juga menjadi tempat berkumpulnya anak-anak di waktu sore hari.

Bélla kerep dolanan karo Satrio senadyan durung lancar basa Jawané. Bocah-bocah kerep iseng marang Bélla, nanging Bélla ora tau nesu. Bélla dadi bisa sithik-sithik ngomong basa Jawa.

Bu Kris, ibuné Satrio, uga ngajak Bélla mèlu gladhèn nari saben Selasa. Ibuné Satrio sing dadi guruné. Bélla gelem marga Bu Kris nèk ngajari ora galak lan akèh èsemé.

Bella sering bermain dengan Satrio walaupun belum lancar berbahasa Jawa. Anak-anak sering iseng kepada Bella, tetapi Bella tidak pernah marah. Bella jadi bisa sedikit-sedikit berbicara bahasa Jawa.

Bu Kris, ibunya Satrio, juga mengajak Bella ikut belajar menari setiap Selasa. Ibunya Satrio yang menjadi gurunya. Bella bersedia karena Bu Kris kalau mengajar tidak galak dan banyak senyum.




Nèng sekolah uga ana piwulang Basa Jawa. Guruné asmané Bu Arum. Bu Arum paring tugas marang bocah-bocah kanggo nerangaké salah sijining kabudayaan Jawa.

Bocah-bocah bébas milih tema. Temané bisa panganan, wewangunan, busana, tembang dolanan anak, utawa upacara tradhisional.

Di sekolah juga ada pelajaran Bahasa Jawa. Gurunya bernama Bu Arum. Bu Arum memberi tugas kepada anak-anak untuk menjelaskan salah satu kebudayaan Jawa.

Anak-anak bebas memilih tema. Temanya bisa makanan, bangunan, busana, lagu dolanan anak, atau upacara tradisional.



Bélla langsung milih omah tradhisional. Dhèwèké wis mbayangaké arep nerangaké bab omahé Satrio sing nggumunaké kuwi. Mengko wayahé dolan soré, Bélla arep takon-takon marang Satrio.

Nèng omahé Satrio, Bélla wis nggawa cathetan lan *bolpèn*. Sawisé Bélla atur kula nuwun, Satrio ngakon Bélla lungguh. Bélla langsung nerangaké bab tugas saka Bu Arum.

Bella langsung memilih rumah tradisional. Dia sudah membayangkan akan menjelaskan perihal rumah Satrio yang mengagumkan itu. Nanti saat bermain pada sore hari, Bella hendak bertanya banyak hal kepada Satrio.

Di rumah Satrio, Bella sudah membawa catatan dan bolpoin. Setelah Bella bilang permisi, Satrio mempersilakan Bella duduk. Bella langsung menjelaskan perihal tugas dari Bu Arum.



Bélla péngin nulis bab omah tradhisional Jawa, kaya omahé Satrio. Satrio kandha yèn omah kaya mangkono iku kasebut omah joglo.

Satrio banjur takon simbahé sing nembé lenggahan sinambi nggarap *teka-teki silang*. Mbah Projo, simbahé Satrio, paring katrangan cekak kanggo Bélla. Mbah Projo nyritakaké sejarah lan pérangané omah joglo.

Bella ingin menulis rumah tradisional Jawa, seperti rumah Satrio. Satrio menjelaskan jika rumah seperti itu disebut rumah joglo.


Satrio lalu bertanya kepada kakeknya yang sedang duduk sambil mengerjakan *teka-teki silang*. Mbah Projo, kakeknya Satrio, memberi keterangan singkat untuk Bella. Mbah Projo menceritakan sejarah dan bagian dari rumah joglo.

Bélla manthuk-manthuk terus karo nyathet artiné omah joglo sing apik banget. Joglo omahé Satrio umuré wis punjul saka 100 taun. Joglo kuwi bisa awèt nganti saiki marga dijaga lan dirawat.

Istilah joglo saka tembung *jug-lo* utawa *tajug-loro*. *Tajug* artiné ‘makutha’, *loro* artiné ‘loro’. Dadi, maknané nerangaké yèn omah kuwi bentuk payoné kaya gunung loro katumpuk.

Bella terus mengangguk-angguk sambil mencatat makna rumah joglo yang bagus sekali. Rumah joglo milik Satrio sudah berumur lebih dari 100 tahun. Joglo itu bisa awet sampai sekarang karena dijaga dan dirawat.

Istilah joglo berasal dari kata *jug-lo* atau *tajug-loro*. *Tajug* artinya ‘makutha’, *loro* artinya ‘dua’. Jadi, maknanya menjelaskan rumah itu memiliki bentuk atap seperti dua gunung yang tertumpuk.





Mbah Projo uga nerangaké bab pérangané omah joglo lan gunané. Biasané omah joglo dipara dadi telu, yaiku pendhapa, pringgitan, lan omah jero. Omah jero kapérang senthong kiwa, tengah, lan tengen.

“Lha, awaké dhéwé iki saiki lagi lungguhan ing pendhapa. Pendhapa kuwi papan kanggo patemon, uga bisa dienggo kagiyatan. Jaman biyèn, mung sithik wong sing bisa nduwèni joglo,” pitutur Mbah Projo.

Mbah Projo juga menjelaskan bagian rumah joglo dan kegunaannya. Biasanya rumah joglo dibagi menjadi tiga, yaitu pendapa, pringgitan, dan rumah dalam. Rumah dalam dibagi menjadi kamar kiri, tengah, dan kanan.

“Nah, kita ini sekarang sedang duduk di pendapa. Pendapa itu tempat untuk pertemuan, juga bisa untuk kegiatan. Zaman dulu, hanya sedikit orang yang bisa memiliki joglo,” kata Mbah Projo.

1. Pendhapa
2. Pringgitan
3. Dalem
  - a. Senthong kiwo
  - b. Senthong tengah
  - c. Senthong tengen
4. Gandhok dan Pawon



Bélla wis rumangsa mumet ngrungokaké katrangan mau. Satrio ngemataké Bélla kanthi mèsém banjur matur simbahé, “Mbah, Mbah, sampun rumiyin katranganipun. Menika Bélla kadosé bingung.”

Banjur bocah loro kuwi ngampet ngguyu. Dhèwèké weruh untu palsu Mbah Projo copot pas arep paring wangsulman manèh. Mbah Projo banjur mlebu kamar arep mbenakaké.

Bella sudah merasa pusing mendengarkan penjelasan tadi. Satrio menatap Bella sambil tersenyum lalu berkata pada kakeknya. “Mbah, Mbah, sudah dulu penjelasannya. Ini Bella sepertinya bingung.”

Lalu kedua anak itu menahan tawa. Mereka melihat gigi palsu Mbah Projo lepas ketika hendak memberi jawaban lagi. Mbah Projo lalu masuk kamar hendak membenahi.



*“Aduh, pusing aku, Mas Satrio. Simbah njelasinnya banyak banget!”* Satrio ngguyu, banjur ngandhani carané sinau kanthi luwih gampang. Satrio énthuk idhé bar kelingan tau nonton nang YouTube bab omah joglo.

Bélla manut baé. Bocah loro kuwi kangsénan arep ketemu menèh sésuk soré.

*“Aduh, pusing aku, Mas Satrio. Simbah njelasinnya banyak banget!”* Satrio tertawa, lalu memberitahu cara belajar dengan mudah. Satrio mendapat ide setelah teringat pernah menonton di YouTube tentang rumah joglo.

Bella menurut saja. Kedua anak itu janji akan bertemu lagi besok sore.

Sésuké, Satrio ngajak Bélla dolanan. Satrio uga njupuk sawetara dolanan adhiné, kertas gedhé, lan alat tulis.

Satrio nggambar kothak gedhé kaya papan monopoli. Pétak-pétaké diisi wilangan 50, 100, lan 200. Satrio ngajak Bélla dolanan mbangun joglo lan uga uga wis gawé aturan dolanané.

Besoknya, Satrio mengajak Bella bermain. Satrio juga mengambil beberapa mainan adiknya, kertas besar, dan alat tulis.

Satrio menggambar kotak besar seperti papan monopoli. Petak-petaknya diisi bilangan 50, 100, dan 200. Satrio mengajak Bella bermain membangun joglo dan juga sudah membuat aturan permainannya.


DENDA 100	200	50	BONUS PEMAIN 250 POIN	100	200	DI TOKO BELANJA	50	PAJAK 200	
200	<p>GAME</p> <p>MEMBANGUN JOGLO INDAH</p> <p>SAKA GURU 100P      PENJAGA 100P            SAKA PENGERET 50P      BALOK DOMINO 100P            LANTAI / ALAS 200P      BALOK KAYU WARNA 50P            ATAP 100P      BALOK KAYU NATURAL 100P            LAMPU 10P            POHON 50P            MOBIL 100P</p>								100
BELANJA DI TOKO									BONUS PEMAIN 100 POIN
PAJAK 50									50
200									100
MULAI DAPAT 4 SEI BALOK DOMINO	50	100	50	PAJAK 50 POIN	100	BONUS PEMAIN 50 POIN	100	DENDA 100 POIN	BELANJA DI TOKO

Saben sing main kudu bisa mbangun joglo. Pérangané ana saka guru, saka pengeret, jubin omah, lampu, lan payon. Suwé-suwé Bélla ngerti tenanan.

Aturané, pemain kudu ngubengi kothakan. Yèn ngliwati pétak sing ana angka, pemain éntuk modhal. Satrio wis nyiapaké bahan bangunan lan gawé cathetan regané saben bahan.

Setiap pemain harus bisa membangun joglo. Bagiannya ada *saka guru* (tiang pokok), *saka pengeret*, lantai rumah, lampu, dan atap. Lama-lama Bella benar-benar paham.

Aturannya, pemain harus mengelilingi wadah yang berbentuk kontak. Jika melewati petak yang ada angkanya, pemain mendapat modal. Satrio sudah menyiapkan bahan bangunan dan membuat catatan harga setiap bahan.




Menawa liwat pétak sing katulis angka 100, Bella olèh modhal 100. Menawa modhal wis nglumpuk, Bélla bisa blanja nèng pétak toko bangunan. Pemain sing dhisik dewe mbangun joglo kanthi komplit dadi pemenangé.

Bocah loro kuwi kira-kira dolanan nganti sejam. Akhiré sing menang Satrio marga kerep éntuk pétak sing angka né gedhé. Bélla matur nuwun marang Satrio sing ngéwangi sinau.

Apabila melewati petak yang tertulis angka 100, Bella mendapat modal 100. Jika modal sudah terkumpul, Bella bisa berbelanja di petak toko bangunan. Pemain yang terlebih dahulu membangun joglo dengan lengkap jadi pemenangnya.

Kedua anak itu bermain kira-kira selama satu jam. Akhirnya yang menang Satrio karena sering mendapatkan petak yang angkanya besar. Bella berterima kasih kepada Satrio yang membantunya belajar.




Saiki Bélla wis ora mumet menèh. Dhèwèké nggambar joglo kanthi nulis katrangan saka pengalaman dolanan karo Satrio. Bélla arep nerangaké pérangan joglo sing gampang dhisik.

Nèng sekolah, Bélla bisa nerangaké kanthi lancar. “Joglo dados *warisan budaya takbenda (WBTb)* wiwit 2015,” ujaré Bu Arum. Kanca-kancané Bélla nambahi kepok kanthi gayeng.

Sekarang Bella sudah tidak bingung lagi. Dia menggambar joglo dengan menulis keterangan dari pengalaman bermain bersama Satrio. Bella hendak menjelaskan bagian joglo yang mudah terlebih dulu.

Di sekolah, Bella bisa menjelaskan dengan lancar. “Joglo menjadi warisan budaya takbenda (WBTb) sejak 2015,” kata Bu Arum. Teman-teman Bella menambah seru suasana dengan bertepuk tangan.



# Bionarasi



## Penulis

**Agita Yuri** adalah seorang ibu rumah tangga dengan dua anak laki-laki. Kadang-kadang ia mengerjakan pesanan dari rumah (usaha kuliner) dan beberapa pekerjaan sampingan. Selain membaca, macapat, dan menyanyi, ia juga hobi menulis dan membacakan cerita untuk anak. Bersama anak pertamanya yang berusia 10 tahun, ia juga sering berkreasi membuat mainan baru dari mainan yang sudah ada. Saat ini ia sedang berusaha mengasah lagi kemampuan menulisnya, khususnya di genre cerita anak. Beberapa kisah pengalaman, pantun, puisi, serta cerpennya sudah dibukukan dalam beberapa antologi sejak tahun 2015. Harapannya, di tahun ini ia bisa menerbitkan buku solo baik fiksi maupun nonfiksi, tetap aktif di bidang literasi, dan menjadi lebih bermanfaat lewat tulisannya. Agita Yuri dapat dijumpai lewat media sosialnya Instagram atau Facebook @anastasiaagita.



## Penerjemah

**Noviani Lestari** yang sering dipanggil Novi lahir di Bantul pada 23 November. Ia menyelesaikan S-1 Sastra Jawa di Universitas Gadjah Mada Yogyakarta. Sejumlah tulisannya pernah dimuat di majalah bahasa Jawa *Pagagan*, *Djaka Lodang*, dan *Panjebar Semangat*. Ia pernah menerbitkan antologi bersama berjudul *Truntum Gumelar*. Ia bisa dihubungi melalui posel [novibintimujiyo@gmail.com](mailto:novibintimujiyo@gmail.com).



## Penyunting Bahasa Jawa

Baca tulis menjadi hobi penyunting, Edi Setiyanto, sejak kecil. Hobi tersebut menjadi sebuah kebutuhan. Sesudah menjadi peneliti di Balai Bahasa Provinsi DIY sejak 1995, ia pindah ke Badan Riset dan Inovasi Nasional tahun 2022. Jiwa literat penyunting banyak terekspresikan melalui karya-karya tulis, baik karya tulis ilmiah di jurnal nasional maupun internasional, opini di media massa lokal maupun nasional, kesertaan sebagai pembicara pada seminar nasional dan internasional, serta kesertaan di berbagai forum literasi. Penyunting selalu terbuka untuk diberi wawasan baru dengan menghubungi nomor 081239855076. Salam literasi!



### **Penyunting Bahasa Indonesia**

**Wahyu Sekar Sari** lahir di Kebumen pada 23 Agustus 1995. Ia bekerja sebagai Widyabasa Ahli Pertama di Balai Bahasa Provinsi DIY dan tergabung dalam Kelompok Kepakaran dan Layanan Profesional (KKLP) Pembinaan dan Bahasa Hukum. Selain aktif sebagai penyunting, ia juga aktif menulis cerita pendek dan puisi di beberapa antologi bersama. Karya terbaru yang ia terbitkan adalah kumpulan puisi berjudul *Semesta dan Doa Bekerja Tiada Berkesudahan*. Ia dapat dihubungi melalui posel [wahyusekarsari8@gmail.com](mailto:wahyusekarsari8@gmail.com).



### **Ilustrator**



**Thomas Amara Listu** lahir di Klaten, 14 September 1999. Ia merupakan lulusan jurusan Desain Interior, Institut Seni Indonesia Yogyakarta. Ia memiliki hobi apa pun yang berhubungan dengan seni rupa digital, seperti ilustrasi, komik, animasi, 3D, dan gim.





# Akses buku-buku produk penerjemahan lainnya melalui laman:

<https://penerjemahan.kemdikbud.go.id>





MILIK NEGARA  
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Iki crita bocah loro jenengé Satrio lan Bélla. Bélla éntuk tugas saka guruné, Bu Arum, nerangaké bab kabudayan Jawa. Bélla bingung amarga dhèwèké murid pindhahan saka Jakarta. Bélla uga ora bisa basa Jawa. Amarga arep ngrampungaké garapan sekolah kanthi apik, Bella njaluk tulung marang Satrio. Éh, lo, Satrio malah ngejak Bélla mbangun joglo. Bocah cilik mbangun joglo? Apa bisa? Njuk, kepiyé, ya, carané Bélla nggarap tugas saka guruné?

Ini cerita dua orang anak bernama Satrio dan Bella. Bella mendapat tugas dari gurunya, Bu Arum, untuk menjelaskan tentang kebudayaan Jawa. Bella bingung karena ia murid pindahan dari Jakarta. Bella juga tidak bisa berbahasa Jawa. Karena hendak menyelesaikan tugas sekolah dengan baik, Bella meminta tolong kepada Satrio. Eh, lo, Satrio justru mengajak Bella membangun joglo. Anak kecil membangun joglo? Apakah bisa? Lalu, bagaimana, ya, cara Bella mengerjakan tugas dari gurunya?

ISBN 978-623-388-744-1 (PDF)



9 786233 887441



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH  
REPUBLIK INDONESIA  
2024